



Pou Piblikasyon Imedya: 22/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE \$12.3 MILYON POU LOJMAN POU SANZABRI NAN REJYON KAPITAL AK LWÈS NEW YORK

Finansman pou Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri a pral kreye oswa prezève 155 inite lojman

25 milyon dola pou 8 pwojè te atribiye anvan sa pandan ane sa a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 12.3 milyon dola te bay pou konstwi lojman pou Nouyòkè ki nan sitiyoasyon sanzabri yo nan Konte Rensselaer, Schenectady ak Chautauqua. Finanse atravè Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) Eta a, pwojè sa yo pral kreye oswa prezève 134 inite lojman sipò pèmanan, 14 inite lojman tanporè ak sèt inite lojman dijans.

"Asire Nouyòkè yo jwenn aksè ak lojman san danje epi ki nan pri abòdab se yon nesosite fondamantal nan batay kont sanzabri", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Fanm ak timoun ki sanzabri yo, ki souvan ap kouri pou sikonstans abi oswa vyolans domestik, pami popilasyon ki pi vilnerab nan eta nou an. Pwojè sa yo reprezante yon investisman konsiderab pou asire non sèlman yo gen yon lokal san danje ak fyab yo kapab rele lakay men tou pou jwenn resous yo bezwen pou kòmanse konstwi yon lavi miyò".

Youn nan pwojè k ap resevwa finansman se Harbor House, yon devlopman 19.5 milyon dola pa YWCA of Northeastern New York nan Schenectady ki pral kreye 54 inite ak 62 kabann lojman sipò pèmanan pou fanm ak fanmi yo. Plan yo prevwa konstriksyon yon nouvo bilding twa etaj sou kanpis YWCA a nan Distri Stockade ki pral toupre bilding administratif santral YWCA a, k ap pèmèt lokatè yo jwenn aksè konvenab ak anplwaye ak sèvis yo. Yo te bay YWCA plis pase 5.6 milyon dola pou konstriksyon pwojè a ak depans operasyonèl yo pral bay atravè Inisyativ Lojman Empire State la.

YWCA of the Greater Capital Region ap resevwa plis pase 2.8 milyon dola pou gwo reyabilitasyon yon devlopman lojman sipò ki egziste nan vil Troy. Pwojè 3.1 milyon dola a pral prezève 80 inite lojman sipò pèmanan ak 14 inite lojman tanporè pou fanm ak timoun.

Salvation Army nan Jamestown te resevwa 3.8 milyon dola pou redistribiye yonabri ijans ki egziste ki gen ladan konstriksyon yon nouvo bilding de etaj ki gen sèt inite ak 19 kabann. Pwojè 4.8 milyon dola sa a pral konfòm avèk Lwa sou Ameriken ki Andikape yo, kreye sis kabann siplemantè ak pèmèt pèsònèl sèvis yo gen biwo nan menm bilding lan.

"Finansman sa a pral gen yon gwo enpak sou kominote sa yo ak efò yo pou rezoud pwoblèm sanzabri a", **Komisè Egzekitif Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare.** "Gouvènè Hochul rekonèt enpòtans lojman sipò ijans, tanporè ak pèmanan pou ede sila yo ki bezwen retounen kanpe sou de pye yo".

"Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou efò ak sipò li nan ede sila yo ki sanzabri nan Konte Chautauqua", **Egzekitif Konte Chautauqua a, PJ Wendel, te deklare.** "Mwen fyè pou efò konbine ant konte a ak patnè prive yo pou elaji sèvis sosyal yo pou rezidan nou yo. Finansman sa a pral sipòte plis Salvation Army nan Jamestown lan pandan l ap ede moun nan kominote nou yo jwennabri ijans jiskaske yo kapab fè tranzisyon nan lojman ki sekirite ak estab".

"Disponibilite lojman sekirite ak nan pri abòdab kapab yon opsyon ki sove lavi pou moun ki vilnerab ak fanmi ki nan kriz yo", **Patrick Madden, ki se Majistra Troy, te deklare.** "Finansman sa a esansyèl pou prezève lojman sipò ki nesèse anpil nan kominote nou pou pote establite pou sila yo ki nan bezwen. Nou rekonesan pou Gouvènè Hochul pou sipò eta a ak pou YWCA of the Greater Capital Region pou lidèchip li nan pwojè enpòtan sa a".

"Abòde pwoblèm sanzabri te yon priyorite prensipal pou administrasyon nou an". **Majistra Jamestown, Eddie Sundquist, te deklare.** "ANEW Center gen yon istwa ki ansyen nan bayabri ijans pou plizyè milye fanm ak timoun pou fè tranzisyon soti nan yon sik abi pou pase nan yon lojman sekirite ak estab. Enstalasyon pwopoze sa a ap bay lojman fyab pou viktim vyolans domestik ki san defans nan kominote nou an. Nou remèsye Gouvènè Hochul dèske li asire fanm ak timoun nou yo pral gen yon lokal sekirite ak ki bay sipò pou yo rete".

"Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan fè investisman enpòtan sa a pou ogmante aksè ak lojman san danje ak nan pri abòdab pou fanm ak fanmi yo nan Schenectady", **Gary McCarthy, ki se Majistra Schenectady, te deklare.** "YWCA se yon fa sekirite pou manm kominote vilnerab nou yo epi nou trè rekonesan pou Gouvènè Hochul ak Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri nan eta a pou sipò endispansab yo pou misyon sa a".

"YWCA Norheaster NY rekonesan anvè Eta New York pou finansman pwojè ekspansyon nou an, Harbor House, pou bay espwa, lojman ak sèvis ki nesèse anpil pou fanm ak fanmi yo nan yon anviwònman sekirite, desan bò Rivyè Mohawk nan Schenectady", **Direktè Egzekitif Jeneral YWCA Northeastern New York, Kim Siciliano, te deklare.** "Sejou sou plis ke twa ane sa a sèlman ranfòse konbyen lojman

sipò sipleman tè ki nesèsè nan kominote nou an. Nou pa ka tann pou wè pwojè sa a ankou, sa ki pral ranfòse plis istwa 133 ane YWCA NENY nan kominote nou yo ki bay tout fanm yo opsyon lojman nan pri abòdab".

"Fon sa yo pral pèmèt nou fè gwo amelyorasyon nan bilding istorik nou an, asire sekirite rezidan nou yo ak anplwaye yo pou yon syèk anplis", **Direktè Egzekitif YWCA of the Greater Capital Region, Starletta Smith, te deklare.** "Nou kontan anpil pou nou kòmanse mizajou nesèsè sa yo ki pral kenbe nou sou misyon nou pou nou sèvi fanm ak timoun nan kominote nou an".

"Nou trè rekonesan pou prim sa a akòz se misyon nou pou fè 'tout byen posib'", **Majò John Merchant, Kòmandan Salvation Army pou Jamestown.** "Nou devwe pou nou sèvi manm kominote nou yo, espesyalman sila yo ki pi vilnerab pami nou".

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri an ke Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) ap jere a, mete disponib 128 milyon dola nan finansman kapital pou pwojè yo ki pwopoze konstwi inite lojman sipò oswa pou repare abri dijans. Jiskaprezan nan ane sa a, pwogram lan te deja repati prèske 25 milyon dola pou uit pwojè ki pral kreye oswa prezève 213 inite lojman sipò ak repare abri dijans yo nan tout eta a. Ane pase, pwogram lan te bay finansman pou 30 pwojè ki ta pral ajoute 881 inite lojman sipò ak repare abri dijans yo.

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri an ap bay sibvansyon ak prè kapital pou kòporasyon san bi likratif yo, òganizasyon charitab ak relijye yo, ak minisipalite yo pou yo ka achte, konstwi, oswa repare lojman pou moun ki pa kapab jwenn lojman ki adekwat san asistans espesyal yo. Yo te bay sibvansyon yo atravè yon pwosesis konpetitif ki te fèt pa Kòporasyon Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Corporation, HHAC) Eta New York la, ki se yon kòporasyon avantaj piblik ki gen pèsònèl OTDA.

Atravè pwogram sa a, Eta New York afekte plis pase 1.2 milya dola pou devlopman lojman sipò. Ototal, pwogram nan kreye plis pase 22,000 inite lojman, pou sipòte moun ak fanmi k ap fè fas ak sitiyaasyon sanzabri yo.

###